

## Chanjman Enpòtan nan Terapi Analiz Konpòtman (Behavior Analysis - BA) pou Timoun ki Enskri nan Medicaid

Depi nan konmansman ane 2025, Medicaid Florid pral transfere terapi Analiz Konpòtman (Behavior Analysis - BA) nan pwogram Swen Jere Medicaid nan tout Eta a (Statewide Medicaid Managed Care - SMMC). Sa vle di, si pitit ou a enskri nan yon plan swen jere, founisè BA pitit ou a dwe "nan rezo" (in-network) plan swen jere kote pitit ou a enskri a.

Plan swen jere Medicaid pou timoun nan Florid gen ladan yo: Aetna Better Health, Sunshine Health, Florida Community Care, Simply Health, Humana, Molina, ak United Healthcare.

Anba la a, w ap jwenn yon deskripsyon sou dwa pitit ou a genyen pou li kontinye resevwa terapi BA pandan chanjman sa a ap fèt.

**Pitit ou a gen dwa pou li resevwa tout sèvis Medicaid ki nesèsè pou korije oswa amelyore kondisyon sante li anba EPSDT.**

### Kisa EPSDT ye?

Pou timoun ki enskri nan Medicaid, eta yo dwe kouvri "swen sante, sèvis dyagnostik, tretman ak lòt mezi ki nesèsè... pou korije oswa amelyore domaj ak maladi fizik oswa mantal ansanm ak lòt kondisyon". Egzijans sa a rekonèt kòm "Depistaj, Dyagnostik ak Tretman Bonè epi Peryodik" (Early and Periodic Screening, Diagnosis and Treatment) oswa "EPSDT".

### Èske EPSDT gen limit?

Genyen sèlman kèk limit ki piti anpil nan manda kouvèti EPSDT a:

- Benefis oswa sèvis la dwe tonbe nan kad sa Medicaid kouvri. EPSDT mande pou eta a kouvri tout sèvis obligatwa ak sèvis opsyonèl eta a kapab kouvri anba Medicaid, kit eta a kouvri sèvis sa yo pou granmoun oswa non.
- Benefis oswa sèvis yo mande a pa kapab yon bagay eksperimental oswa pou rechèch, epi li dwe nesèsè sou plan medikal. Pou definisyon nesèsite medikal Medicaid Florid la, [gade 59G-1.010](#).
- Eta a (oswa plan an) ka refize benefis oswa sèvis yo mande a epi otorize youn ki koute mwens lajan, men benefis oswa sèvis ki koute mwens lan dwe efikas menm jan an.

Pa egzanp, si li nesesè sou plan medikal pou pitit ou a resevwa yon èdtan terapi BA twa fwa pa semèn pandan sis mwa pou korije oswa amelyore yon pwoblèm sante, EPSDT mande pou eta a (oswa plan an) kouvri kantite terapi sa a.

### Ki dwa EPSDT genyen nan swen jere?

- Eta a dwe bay sèvis ki fèk otorize yo nan yon tan rezonab (nan yon limit 90 jou apre yo fin preskri sèvis la). Lis tann ki depase 90 jou pa otorize.
- Limit fiks (hard caps) sou kantite sèvis yo pa otorize.
- Plan swen jere yo dwe rann yon founisè disponib pou tout sèvis ki nesesè sou plan medikal, epi yo pa ka di yon timoun pa gen founisè ki disponib.
- Pou sèvis ki te deja otorize yo, san wete terapi BA, timoun nan gen dwa a yon kontinwite nan swen li, sa ki dekri an detay pi ba a.

Remak: yon timoun pa gen dwa a yon founisè espesifik. Sepandan, plan swen jere a dwe asire rezo a adekwa jan sa dekri an detay pi ba a.

### Kilès ki ka ede m kowòdone sèvis EPSDT pitit mwen an?

Si pitit ou a resevwa sèvis enfimyè, si li nan yon PPEC oswa nan swen fanmi akèy medikal (medical foster care), oswa si li enskri nan Plan CMS la, alòs pitit ou a gen dwa a yon manadjè ka (case manager) pou ede w navige nan tout aspè nan swen pitit ou a, san wete kontinyasyon terapi BA san enteripsyon.

### **Pitit ou a gen dwa a yon kontinwite nan swen.**

#### Kisa kontinwite nan swen ye?

Kontinwite nan swen se dwa moun k ap resevwa benefis ak sèvis Medicaid atravè swen jere genyen pou yo kenbe benefis ak sèvis yo te deja otorize yo san enteripsyon lè moun nan chanje pou yon nouvo plan oswa yon nouvo founisè.

#### Ki dwa pitit ou a genyen anba kontinwite nan swen?

Si pitit ou a nan yon plan swen jere epi li resevwa terapi nan men yon founisè BA ki pap nan rezo a ankò ak nouvo plan pitit ou a, pitit ou a gen dwa a **90 jou** kontinwite nan swen. Sa vle di pitit ou a dwe kontinye resevwa sèvis nan menm nivo a pandan 90 jou.

Anplis de sa, founisè ou gen kounye a gen dwa a menm nivo ranbousman pandan 60 jou.

### **Pitit ou a gen dwa a yon founisè BA san li pa tann twò lontan.**

Aprè dènye otorizasyon sèvis pitit mwen an fini epi founisè BA kounye a lage nou, konbyen tan pitit mwen an pral gen pou l tann pou l jwenn yon nouvo founisè?

Plan swen jere pitit ou a dwe asire yon espesyalis disponib pou bay pitit ou a sèvis nan yon limit **ki pa depase 60 jou** apre pedyat pitit ou a fin voye l (referral). Chonje ke pitit ou a gen dwa a 90

jou kontinwite nan swen tou, sa ki vle di pa ta dwe gen enteripsyon nan swen pitit ou a si ou dwe chanje founisè.

**Pitit ou a gen dwa fè apèl si yo refize, redui, oswa sispann terapi ABA li.**

Ki jan pou m soumèt yon apèl si yo refize, redui, oswa sispann sèvis ABA pitit mwen an?

Yon fwa ou resevwa yon Avi sou **Detèminasyon Benefis Negatif (Notice of Adverse Benefit Determination - NABD)**, ou gen **60 jou** apati dat avi a pou ou fè yon apèl pa ekri oswa pa bouch. Pou gidans sou pwosesis apèl la, gade depliyon nou an ki rele: [\*Ki jan pou ou fè yon Apèl pou Swen Jere Medicaid \(How to File A Medicaid Managed Care Appeal\)\*](#).

**Ou gen dwa pote plent si yo vyole dwa pitit ou a.**

Si yo vyole dwa yo diskite la a, alòs ou gen dwa pote plent. Gen yon paj akèy AHCA pou [Plent Medicaid Florid](#) kote ou ka [soumèt yon Plent](#) kont plan swen jere pitit ou a.

Yon fwa sa fini, y ap ba w yon nimewo Plent (#) ou ka itilize pou [tcheke estati plent ou a](#) apre 24-48 èdtan. Gade depliyon FHJP sou [Ki jan pou ou fè yon Plent sou Swen Jere \(How to File a Managed Care Complaint\)](#) pou plis enfòmasyon.

Si ou bezwen asistans legal paske pitit ou a pa resevwa terapi BA li bezwen an, tanpri [kontakte Florida Health Justice Project](#).